

Pou Piblikasyon Imedya: 23/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE TWAZYÈM SOLISITASYON POU PWOJÈ ENÈJI
RENOUVLAB A GRAN ECHÈL YO PRAL AKSELERE DEVLOPMAN ENÈJI PWÒP
EPI KONBAT CHANJMAN KLIMATIK YO**

*Yo Prevwa Favorize Plis Pase Yon Milya Dola nan Envestisman nan Enèji Pwòp
yo epi Kreye Plis Pase 1,000 Pòs Travay Akoutèm ak Alontèm Ki Byen Peye yo*

*Li Ap Akselere Pwogrè Anvè Manda Gouvènè Cuomo Pwopoze a pou 70 Pousan
Elektrisite Eta Soti nan Sous Enèji Renouvlab yo apati 2030 nan kad Nouvo Akò
Ekolojik lan*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a twazyèm solisitasyon anyèl pou pwojè enèji renouvlab a gran echèl yo nan kad Estanda Enèji Pwòp (Clean Energy Standard) eta a. Yo prevwa ke solisitasyon an pral sipòte anviwon 1.5 milyon megawat èdtan kouran elektrik renouvlab pa ane, ki ase pou alimante plis pase 200,000 kay, epi li pral akselere tranzisyon New York pou ale nan yon ekonomi enèji pwòp. Solisitasyon an prevwa tou favorize plis pase yon milya dola nan envestisman prive, sa ki ap kreye plis pase 1,000 pòs travay ki byen peye pou moun New York yo. Anons jodi a ap fè vanse pwogrè pou ale nan angajman New York pwopoze ki ap mennen nan nasyon an pou garanti ke 70 pousan nan elektrisite Eta a ap soti nan resous enèji renouvlab yo apati 2030 nan kad Nouvo Akò Ekolojik (Green New Deal) Gouvènè Cuomo a.

"Pou twazyèm ane konsekitif, New York ap kontinye dirije apati egzanp nan sa ki gen pou wè ak fè vanse pwojè enèji renouvlab a gran echèl yo ki pral pote kwasans ekonomik konsiderab ak travay ki byen peye nan eta a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Aksyon sa a ap ajoute sou angajman djanm nou pran anvè enèji renouvlab yo epi yo pral yon pati krisyal nan plan pwogresis eta a pou reponn a defi san presedan yo ki poze pa chanjman klimatik yo."

"Nou pran angajman sipòte pwojè enèji renouvlab atravè Eta a nan kad objektif enèji pwòp agresif nou yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Solisitasyon sa a pou pwojè a gran echèl yo ap kontinye ak efò nou ap fè yo pou alimante plis kay epi kreye plis travay ki byen peye. New York ap kontinye dirije nasyon an pou pwoteje anviwònman nou an epi konbat chanjman klimatik yo pou jenerasyon fiti yo."

Eta a ap lanse solisitasyon sa a antan ke twazyèm nan yon seri apwovizyonman anyèl nan kad Estanda Enèji Pwòp lan epi li prevwa abouti a devlopman plizyè douzèn pwojè enèji renouvlab a gran echèl yo. Pandan de dènye ane yo sèlman, New York te bay 2.9 milya dola nan kontra pou 46 pwojè ewolyèn ak solè ki baze sou tèren yo, ki ap kreye 7 milya dola nan envestisman dirèk nan sektè enèji pwòp lan. Pwojè sa yo pral jenere plis pase 7.1 milyon megawat èdtan kouran chak ane - ki se enèji renouvlab ki ase pou

alimante prèske yon milyon kay - ak pri anchè ke yo te bay resamman ki 23 pousan pi ba pase sa ke yo te bay jis de ane de sa yo.

Angajman kominotè ak sipò sou tèren an krisyal pou devlopman ki reyisi pou pwojè enèji renouvlab sa yo, epi solisitasyon ke yo te pibliye jodi a gen ladan estanda ak egzijans ki enpòtan yo pou sansibilizasyon ak planifikasyon kominotè ki efikas.

Pwovizyon remakab nan solisitasyon sa a gen ladan tou:

- Egzije pou yo peye travayè ki asosye ak konstwiksyon nenpòt etablisman ki benefisyè yo salè an vigè ki aplikab la, ki se yon seri estanda ki te mete sou pye pa Depatman Travay (Department of Labor) Eta New York la, sa ki ap asire ke pwojè yo pral kreye bon jan kalite travay ki byen peye pou moun New York yo;
- Prezève epi pwoteje resous agrikòl presye New York yo lè yo ofri pwèn siplemantè pou pwojè enèji renouvlab yo ki evite sipèpoze tèren ki gen enpòtans agrikòl pou Eta New York yo; epi
- Kontinye ankouraje pwopozisyon ki asosye enèji renouvlab ki gen teknoloji estokaj enèji avanse yo nan yon fason rantab pou ede satisfè angajman Gouvènè Cuomo pran pou deplwaye 1,500 megawat estokaj enèji apati 2025 ak 3,000 megawat estokaj enèji apati 2030.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou solisitasyon enèji renouvlab a gran echèl yo, tanpri vizite [sit entènèt](#) NYSERDA a. Yo dwe fè soumisyon inisyal yo anvan dat 13 Jen 2019.

Anons lan kenbe yon vitès ki previzib pou solisitasyon anyèl yo pou devlopè enèji renouvlab yo epi li pral sipòte devlopman ki ap kontinye ak investisman nan pwojè enèji pwòp yo atravè eta a, ki se yon pa annavan enpòtan pou rive atenn pwopozisyon Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Cuomo a pou rive plis pase double nouvo resous ewolyèn ak solè a gran echèl ki baze sou tèren yo atravè Estanda Enèji Pwòp la. NYSERDA prevwa anonse rekonpans yo an Novanm 2019.

Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, "Pwojè enèji renouvlab a gran echèl yo ke yo te deja bay nan kad Estanda Enèji Pwòp la pral jenere enèji renouvlab ki sifizan pou alimante kat pi gwo vil ki nan rejyon nò a yo pandan ke yo ap pote travay ki byen peye ak avantaj ekonomik pou kominote benefisyè lokal yo. Pou ajoute sou dinamis nou an, pwojè fiti yo pral kontinye ede ti depans pou konsomatè yo, bay avantaj anviwònmantral ki enpòtan, epi fè nou vanse pi pre pou reyalize objektif enèji renouvlab agresif Gouvènè Cuomo yo nan kad Nouvo Akò Ekolojik lan. NYSERDA angaje nan travay ansanm ak gouvènman lokal ak pati ki konsène nan kominote yo pou asire ke yo totalman angaje nan devlopman pwojè renouvlab yo epi gen zouti ak resous pou ka kreye pwojè yo yon fason responsab nan kominote yo".

Prezidan Komite Enèji Sena a (Senate Energy Committee) Senatè Kevin Parker, te deklare, "Nou ka akonpli objektif anbisye yo apati planifikasyon estratejik ki desizif epi efikas. Antan ke Prezidan Komite sou Enèji ak Telekomunikasyon nan Sena a (Senate Committee on Energy and Telecommunications), mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt li ap pran mezi ki nesesè pou asire ke Eta New York ap travay ak dilijans pou akonpli

objektif enèji pwòp eta nou an yo. Pandan ke nou ap lanse pwosesis pou solisite machann pou pwojè enèji renouvlab yo nou ap travay similtaneman pou asire ke nou ap non sèlman akonpli objektif nou genyen pou vin itilize 100 pousan enèji pwòp epi ki san kabòn apati 2040, men an plis jenere plis pase 1,000 nouvel opòtinite travay ekolojik yo".

Prezidan Komite Pwoteksyon Anviwònmanal Sena a (Senate Environmental Conservation Committee) Todd Kaminsky te deklare, "Li vital pou nou ranfòse pwodiksyon enèji pwòp New York yo nan konbat chanjman klimatik epi sekirize avni nou. Mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt sipò pèmanan li pou pwojè enèji renouvlab a gran echèl yo ki pral benefisye a moun New York yo atravè eta a sou fòm pòs travay nan rediksyon chanjman klimatik yo, lè ki pwòp ak ekolojik yo. Ritm ekstrayòdinè sa a pral nesesè nan objektif pou ka akonpli Estanda Enèji Pwòp anbisye New York lan epi prezève resous natirèl pou jenerasyon ki gen pou vini yo".

Anne Reynolds, ki se Direktris Jeneral Alyans pou Enèji Pwòp New York la (Alliance for Clean Energy New York), te deklare, "Pou konbat chanjman klimatik yo, nou dwe konstwi pwojè elektrik ki pwòp epi ki san polisyon yo, tankou enèji ewolyèn ak solè yo. Nouvo apèl jodi a pou pwojè enèji renouvlab yo nan NYSERDA se yon nouvel ki ekselan, pliske li pral pèmèt devlopè yo rivalize pou kontra alontèm yo pou ka pèmèt yo finanse epi konstwi pwojè yo epi yo pral kreye travay pou moun New York yo". **Li te kontinye di,** "Nou sensèman apresye angajman pèmanan Gouvènè Cuomo pran anvè solisitasyon anyèl yo pou atire investisman prive nan Eta New York".

Stuart F. Gruskin, ofisye anchèf konsèvasyon ak zafè ekstèn pou The Nature Conservancy nan New York te deklare, "Nou bat bravo pou Gouvènè Cuomo ansanm ak NYSERDA poutèt yo ap konstwi yon ekonomi enèji renouvlab atravè Eta a. Akselerasyon devlopman ki responsab yo se yon etap krisyal nan akonpli Estanda Enèji Renouvlab anbisye New York lan. Chanjman klimatik yo se pi gwo menas ke nou ap fè fas a li epi lè nou fè tranzisyon pou ale nan yon ekonomi enèji pwòp sa pral pèmèt New York kreye bon jan travay, pwoteje kominote nou yo, epi pwoteje anviwònman nou an".

Vincent Alvarez, ki se Prezidan Konsèy Travay Santral Vil New York (New York City Central Labor Council), AFL-CIO, te deklare. "Anons ke NYSERDA te fè jodi a pou di ke tout pwojè enèji renouvlab a gran echèl ki baze sou tèren yo pral gen ladan nivo salè ki an vigè ki ap ranfòse angajman Eta New York pran pou kreye karyè ki ka bay fanmi yo mwayen nan konbat kriz klimatik yo. Nou bat bravo pou Administrasyon Cuomo a poutèt yo ap dirije nasyon an nan mezi pou abòde kriz doub chanjman klimatik ak inegalite salaryal".

Gavin Donohue, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Independent Power Producers of New York lan, te deklare, "Se yon obligasyon pou nou genyen yon sistèm elektrik ki pi divès epi efikas. Nou bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li ap yon lòt fwa ankò elaji investisman sektè prive yo nan resous renouvlab yo pou atenn objektif enèji pwòp New York yo. Devlopman resous nan eta a se yon gwo viktwa pou ekonomi lokal yo".

Nouvo Akò Ekolojik Eta New York la

Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Andrew M. Cuomo a, ki se ajanda lidè nan nasyon an nan enèji pwòp ak djòb, pral pran mezi agresif pou mete Eta New York sou wout pou netralite kabòn onivo tout ekonomi an. Inisyativ sa a pral ofri yon tranzisyon ekitab pou enèji pwòp, sa k ap estimile kwasans ekonomi ekolojik la, epi mande pou New York itilize 100 pousan enèji pwòp ak san kabòn apati 2040, youn nan objektif ki pi agresif nan Etazini. Pilye nouvo manda yo fenk pwopoze a se yon ogmantasyon konsiderab Estanda Enèji Pwòp ki gen siksè New York la jiska 70 pousan kouran renouvlab apati 2030. Nan kad ogmantasyon enèji renouvlab san presedan sa a, New York te deja investi 2.9 milya dola nan 46 pwojè enèji renouvlab a gran eskal yo atravè Eta a, pandan li ap ogmante yon fason konsiderab objektif enèji pwòp li yo, tankou: kwadriple objektif enèji ewolyèn New York la jiska 9,000 megawat antan ke lidè nan nasyon an apati 2035; double deplwaman enèji solè ki distribiye a jiska 6,000 megawat apati 2025; epi deplwaye 3,000 megawat estokaj enèji apati 2030. Pou sipòte travay anbisye sa a, NY Green Bank gen entansyon pou itilize ekspètiz li pou simonte defisi finansye yo pou ankouraje pi gwo enpak anviwònmanal pou chak dola piblik nan kolekte plis pase 1 milya dola nan fon pati tyè yo pou agrandi disponibilite finansman pou klima nan tout New York ak rès Amerik di Nò a.

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)